

RINGKESAN
BAHASA SUNDA

**Rilla Rosaliana, 2020. Uji Efektivitas Ekstrak Kulit Kai Bobondelan (*Cassia fistula* L.) Tina Ngahambat Pertumbuhan Bakteri *Escherichia coli*.
Dibimbing ku Dr. Yusuf Ibrahim, M.Pd., M.P. sareung Gurnita, S.Si., M.P.**

*Tangkal bobondelan (*Cassia fistula* L.) mangrupikeun salh sahiji tangkal di Indonésia anu miboga sipat bisa dipake ubar alternatif ku sabagian urang Indonésia. Baktéri *Escherichia coli* nyaéta baktéri anu bisa ngainféksi kana awak jalma, tur ngabalukarkeun panyakit. Panalungtikan ieu ditujukeun pikeun nangtukeun efektifitas ekstrak kulit kai bobondelan, dilakukeun dina sababaraha konsentrasi pikeun ngahambat pertumbuhan bakteri *Escherichia coli* salaku antibakteri. Métonde anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta uji coba kuantitatif laboratorium ku uji difusi cakram, ekstrak anu paling aktip ditangtukeun dumasar kana ukuran zona hambat anu dijieun dina sakuriling kertas cakram. Rarancang panalungtikan ngagunakeun RAL (Rancangan Acak Lengkap) ku 10 perlakuan ekstrak kulit kai bobondelan kalayan make konsentrasi 10%, 20%, 30%, 40%, 50%, 60%, 70%, 80%, 90% jeung 100% ditambah dua pikeun kontrolna, kalayan dua balikan percobaan. Hasil uji nembongkeun yén aya zona hamabat disakuriling kertas cakram ekstrak kulit kai bobondelan. Data anu dicatet dumasar kana angka Konsentrasi Hambat Minimum (KHM) ekstrak kai bobondelan dina konsentrasi 60% kalayan zona hambat rata-rata 9,60 mm. Hasil analisis data SPSS nembongkeun yén konsentrasi ekstrak kulit kai bobondelan 70% efektif kalayan zona hambat rata-rata 13.25 mm.*

*Kata konci: Ekstrak kulit batang bobondelan, Baktéri *Escherichia coli*, Antibakteri*